



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SISTÈM PWODIKSYON MANJE ALENTERYÈ POU AVANSE AGRİKILTIBAN NAN HARLEM**

***Otorite Enèji New York rejwenn Harlem Grown ak EPRI nan yon demonstrasyon kolaboratif pou edike jèn lokal yo sou agrikilti iben, dirabilite ak nitrisyon***

***Rekòlt konntenè alimantè pou rann legim yo disponib pandan tout ane a pou manm kominote lokal yo***

***Etid rechèch pwojè pou enfòm aksyon klimatik, evalye enèji ak enpak anviwonmantal, ak mezire rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè sè***

***Foto kontenè agrikilti alenteryè a disponib [jisit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwojè pilòt agrikilti alenteryè nan Harlem ki pral ogmante disponibilite fwi ak legim fre pandan tout ane a pou fanmi lokal ki pa jwenn ase sèvis yo ak plis rechèch nasyonal sou kondisyon optimal pou kwasans alenteryè ak pwodiksyon rekòt. Yon pati nan yon demonstrasyon milti-eta te finanse pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority NYPA) epi li te dirije pa enstiti enèjetik R&D EPRI (Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik (Electric Power Research Institute, EPRI)), gwo kontenè ekspedisyon deyò yon bilding Otorite Lojman Vil New York pral ede kominote yo kiltive pwodui pandan tout ane a, devlope abitud ki an sante ak aprann sou dirabilite ak pwoblèm anviwonmantal yo. Harlem Grown, yon òganizasyon lokal san bi likratif, pral jere pwodiksyon manje ak sipò distribisyon bay kominote a. Pwojè a pral mennen ankèt sou fason pou ogmante pwodiksyon ak jere resous yo, pandan y ap diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ki asosye ak konsomasyon dlo. Pwojè a ede avanse objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, [ki egzije pou New York diminye emisyon gaz efè sè li yo](#) a 40 pousan anvan 2030 e pa mwens pase 85 pousan pa 2050.

"Avèk agrikilti alenteryè pandan tout ane a, kominote nou yo pral gen opòtinite pou yo grandi pwodui fre, ki an sante lokalman pou ede konstwi yon New York ki pi dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m anonse jaden idroponik sa a nan Harlem, ki pral bay fanmi lokal yo manje ki an sante epi ki pral ede edike pwochen jenerasyon kiltivatè iben yo. Pandan n ap aprann plis sou enpak anviwonmantal ak enèji

pwodiksyon rekòt nan vil yo, New York ap franchi yon lòt etap dirijan nan peyi a nan avanse objektif enèji pwòp ak rediksyon gaz ki lakoz efè tèmik nou yo".

Otorite Enèji New York ak òganizatè pwojè yo te selebre lansman pwojè a jodi a epi yo te wè nouvo sistèm lan nan Harlem - yon sè idwoponik ki pouse pwodui nan yon anviwonman ki pa gen tè. Nan kad yon efò rechèch kolaboratif nasyonal ki te dirije pa EPRI ki se yon òganizasyon san bi likratif, pwojè agrikilti Harlem la pral ede ogmante aprantisaj sou enpak anviwònman, enèjetik, ak enpak kominotè nan agrikilti alanteryè a. Aprantisaj sa yo pral ede enfòme yon konpreyansyon pi laj sou dirabilite nan pwodiksyon lokal, alanteryè a, ki gen ladan konsomasyon enèji ak dlo. Konklizyon yo pral ede tou ogmante angajman kominote a, bay opòtinite edikatif sou teknoloji ak agrikilti, estimile kreyasyon travay lokal yo ak elaji disponiblite rekòt lokal yo.

Ekip Jistis Anviwònman Otorite Enèji New York la, ki ap finanse pwogram 250,000 dola a avèk program Rechèch, Devlopman Teknoloji ak Inovasyon Otorite Enèji New York la, te jere plasman konntenè ekspedisyon 40 pye a ki pote mak "Plante fwi ak legim, kiltive kominote ki an sante." Konntnè ki enpèmeyab deyò a nan yon teren lib olaj 140th Street akote P.S. 139 Senior Center, ki aktyèlman ap konvèti an yon jaden eksteryè ak yon kote pou reyinyon.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Otorite Enèji New York fyè dèske li se yon sipòtè aktif ak yon patnè nan bay kominote ki ozalantou enstalasyon nou yo resous ki an sante ki grandi lokalman. Edike jèn yo pandan y ap amelyore pratik endistri yo ak pwodui rekòt ki an sante se yon sitiyasyon ganyan ganyan. Antanke sèvis piblik, itilizasyon enèji entelijan toujou nan tèt nou e nou vle konprann kijan pwodiksyon manje alanteryè a pral gen enpak sou itilizasyon elektrik ak rezo eta a pandan y ap bay yon sous alimantè ki fyab pandan tout ane a pou fanmi lokal yo."

**Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare,** "Mwen fyè pou m sipòte travay inisyatè Gouvènè Hochul ak Harlem Grown ki gen yon modèl inovan, edikatif, ki respekte anviwònman an e ki kapab repwodui ki kapab anseye jèn nou yo konpetans ak lesou ki gen anpil valè—ansanm pou bay fanmi yo pwodui ki grandi lokalman. Se espwa sensè mwen pou kalite pwojè lokal sa yo fleri ansanm ak lòt envestisman ki nesesè nan kominote nou an tankou lojman ki vrèman abòdab."

Pwojè Harlem lan pral opere yon konntenè ekspedisyon ki modifiye epi ki izole anpil kòm yon espas anviwònman kontwole ki sèvi ak teknoloji elektrik pou grandi legim fre lokal pandan tout ane a. Anplis de amelyore aksè lokal ak pwodui fre, agrikilti alanteryè a montre diminye depans transpò epi redwi oswa elimine itilizasyon konbistib fosil nan pwodiksyon rekòt. Agrikilti alanteryè a ka diminye oswa elimine bezwen pou pestisid, epi redwi anpil konsomasyon dlo pou kèk rekòt.

Harlem Grown, yon patnè natirèl nan pwojè sa a ki pral kiltive ak distribiye pwodui, paske li opere kat fèm santral, de sè idwoponik ak sis jaden patnè ki bay plis pase 5,000 liv manje distribiye gratis nan kominote Harlem lan chak ane. Anplis de sa,

òganizasyon an ap chèche afekte tout kominote a atravè konsèy ak patenarya. Li ofri pwogram edikasyon sou nitrasyon gratis nan fèm li yo pou timoun ak granmoun, kote manm kominote a aprann plante, nourri, ak rekòlte tout fwi ak legim yo. Li dirije tou yon kwizin ansèyman mobil pou pote edikasyon manje ak kou kuizin nan lekòl Harlem lan ki tou pre a, nan devlopman lojman, ak òganizasyon kominotè.

**Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Harlem Grown, Tony Hillery, te deklare,** "Nou onore ak eksite pou nou fè pati pwojè revolisyonè sa a nan agrikilti iben ansanm ak Otorite Enèji New York la, EPRI ak Otorite Lojman Vil New York la. Harlem Grown egziste pou kominote a, epi sistèm pwodiksyon manje alanteryè sa a ba nou plis opòtinite pou nou travay ak tout gwoup laj — soti nan jèn nou yo rive nan granmoun aje nou yo nan katye a. Espas nou pou agrikilti limite nan vil la, kidonk nou bezwen inovan epi reflechi sou fason pou nou bay manje ki fre, ki grandi lokalman pandan tout ane a. Pwojè sa a plis pase agrikilti; sa a gen pou wè ak dirabilite alimantè ak anviwòmantal ak jistis limantè."

Anplis egzamine pratik agrikilti, pwojè sa a pral evalye tou kijan pwodiksyon manje andedan kay la kapab afekte rezo elektrik ak sèvis piblik eta a. Siveyans itilizasyon elektrisite ak dlo, inovasyon teknoloji, ak konsiderasyon dirabilite pral ede detèmine kijan enstalasyon pwodiksyon manje alanteryè ak founisè enèji yo ka pi byen travay ansanm.

**Direktè Dirabilite ak Jesyon Ekosistèm lan nan EPRI, Morgan Scott, te deklare,** "Agrikilti anviwòmman kontwole se yon domèn rechèch ki pwomèt kote kominote yo ak patnè enèji yo ka ede konstwi metòd agrikilti ki pi dirab ki benefisye lokalman kominote y ap sèvi yo. Nou pa ka tann pou nou agrandi kolaborasyon nou ak Otorite Enèji New York nan Harlem ak pou kominote New York la nan yon sans laj."

Harlem rejwenn plis pase yon douzèn fèm anviwòmman kontwole ke EPRI ap etidye nan tout peyi a, ki gen ladan yon pwojè pilòt ki sanble ki te lanse an 2020 pou sèvi zòn Metro Buffalo a. Jiska prezan, fèm Buffalo te bay plis pase 1,200 liv chou frize ki te distribye bay fanmi lokal yo kòm yon pati nan pwogram nitrasyon FeedMore WNY.

Ekip Jistis Anviwòmantal Otorite Enèji New York la ofri pwogram edikatif sou enèji pwòp, renouvlab ak dirabilite, epi li bay resous pou satisfè bezwen kominote ki pa jwenn ase sèvis ak resous ki sitiye tou pre resous elektrik NYPA yo. NYPA opere ti izin elektrik pwòp nan sis sit nan Vil New York. Ekip la pral dirije syans, teknoloji, enjenyeri ak matematik, oswa STEM, pwogramasyon epi òganize evènman kominotè ak jèn Harlem Grown yo.

**Vis Prezidan Jistis Anviwòmanta la, Lisa Payne Wansley, te deklare,** "Otorite Enèji New York ap travay pou amelyore lavi manm kominote lokal yo kote nou opere lè l bay pwogram ak resous yo pa t ap genyen otreman. Pwodiksyon manje alanteryè a se yon endistri k ap grandi epi aprann nan demonstrasyon nasyonal sa a ta ka gen yon gwo enpak sou kominote ki defavorize yo atravè peyi Etazini. Dirabilite ak teknoloji vèt gen kapasite pou ogmante aksè pandan tout ane ak pwodui lokal fre, diminye itilizasyon

dlo ak pestisid, epi ranfòse sekirite alimantè pou anpil nan vwazen nou yo ki nan bezwen."

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418